

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hal anu aya patalina jeung métode panalungtikan, kayaning: data jeung sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data sarta téhnik ngolah data panalungtikan.

3.1 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah panyeluk nu disusun tina wangun, adegan, ma'na pragmatis, jeung tahapan pragmatisna. Data kalimah panyeluk dicokot tina sumber data.

Nurutkeun Arikunto (2010: 172), anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana meunangkeun éta data. Sumber data dibédakeun jadi tilu rupa, nyaéta (1) sumber data nu mangrupa jalma, (2) sumber data nu mangrupa tempat jeung (3) sumber data nu mangrupa simbol.

Sumber data nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan kaasup sumber data nu mangrupa simbol, nyaéta buku kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia. Ieu buku diterbitkeun ku Geger Sunten Bandung, citakan katilu dina taun 2007. Kandalna 412 kaca. Carpon dina ieu buku jumlahna aya 52.


Tina 52 carpon nu dijadikeun populasi, ditangtukeun 19 carpon pikeun sampelna. Cara nangtukeunana nyaéta maca sagemblengna sakabéh carpon, tuluy dipilihan carpon-carpon nu kira-kira loba ngandung adegan pragmatis kalimah panyelukna. Tina hasil kritéria carpon-carpon kapanggih anu réa ngandung kalimah panyeluk nyaéta carpon: 'Timburu', 'Talaga nu Lih', 'Kikisik Sisi Basisir', 'Halimun', 'Rarakitan', 'Ratu nu Pangdusunna', 'Deudeuh Nila', 'Satria Gagah Sakti', 'Fatamorgana', 'Alwasim', 'Angin Rintih Langit Lénglang', 'Korsi Goyang',

‘Orok’, ‘Sinom Sumbang’, ‘Peuting Ngagayuh ka Subuh’, ‘Lir Sakeclak Ciibun’, ‘Buronan’, ‘Galatik’ jeung ‘Situncuing’.

3.2 Désain Panalungtikan

Panalungtikan téh kudu dirarancang tur didésain. Désain panalungtikan mangrupa rarancang ngeunaan cara ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksankeun sacara éféktif sarta luyu jeung udagan panalungtikanana (Nasution, 2009: 23).

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Galur panalungtikanana nyoko kana ieu tahap-tahap nyaéta (1) maca sagemblengna carpon, (2) nangtukeun carpon nu dijadikeun objek panalungtikan (2) nyirian kalimah panyeluk, (3) nyalin kalimah panyeluk, (4) ngolah data kalimah panyeluk, (5) ngadéskripsikeun data, (6) nyieun kacindekan. Saperti nu digambarkeun dina ieu bagan di handap:



Fitria Puji Lestari, 2014

Adegan Pragmatis Kalimah Panyuluk Dina Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karangan Aam Amalia

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.3 Método Panalungtikan

Métode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2010: 203). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode deskriptif. Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadeskripsikeun adegan pragmatis kalimah panyeluk anu aya dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia.

3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nyaéta “Adegan Pragmatis Kalimah Panyeluk dina Kumpulan Carpon *Panggung Wayang* Karangan Aam Amilia”. Sangkan aya gambaran tina éta judul, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah dina ieu panalungtikan, diantarana:

1) Adegan Pragmatis Kalimah Panyeluk

Adegan pragmatis kalimah paréntah nya éta tata susunan jeung pola unsur-unsur basa anu patali, datar tur relatif angger nurutkeun pola-pola atawa kaédah nu tangtu nu medar perkara bagbagan makéna basa dina rupa-rupa tujuan jeung konteks situasina; medar perkara kamahéran atawa paripolah basa dina kalimah anu eusina pikeun ngébréhkeun rasa (émosi) panyaturna, upamana waé rasa gumbira, nalangsa, kagét, geuleuh, reueus, jeung saterusna. Adegan jeung kalimah panyeluk dipidangkeun dina wangun pola-pola kalimah.

2) Carpon

Carpon nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancarana, prosa naratif anu ukuranana pondok. Tina carpon bisa dipilih rupa-rupa kalimah kaasup kalimah panyeluk.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang, sarta hasilna leuwih hade. Dina harti, leuwih taliti, lengkep jeung sistematis sahingga leuwih gampang diolahna (Arikunto, 2010: 203).

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun sangkan data leuwih gampang diolah, leuwih lengkep, leuwih gemet tur taliti, sarta leuwih sistematis. Dina kartu data, disalin data-data kalimah panyeluk, tuluy dianalisis dumasar kana adegan, ma'na pragmatis sarta tahapan pragmatisna. Dina data kalimah panyeluk maké kode anu nerangkeun judul buku, judul carpon, kaca buku, nomer paragraf jeung nomer kalimah. saperti PW/T/23/ 6/1, maksudna judul bukuna Panggung Wayang, judul carponna Timburu, dina kaca 23, paragraph genep jeung aya dina kalimah kahiji. Sangkan leuwih jéntré dicontokeun saperti kieu.

001	KARTU DATA
	Adeuh, buukna kamajuan! (PW/T/23/ 6/1)
Adegan	: Kalimah Sampurna, KP+ J + C + Tand Pany
Ma'na pragmatis	: reueus
Tahapan pragmatis	: wajar

Fitria Puji Lestari, 2014

Adegan Pragmatis Kalimah Panyuluk Dina Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karangon Aam Amalia

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi. Panalungtik maluruh barang-barang tinulis saperti buku-buku, majalah, dokumén, aturan-aturan, notulen rapat, catetan harian, jeung sajabana (Arikunto, 2010: 201). Data dina ieu panalungtikan mangrupa buku fiksi nyaéta kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia.

Prak-prakan dina ngumpulkeun ieu data, di antarana waé:

- a) Maca sagemblengna kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia;
- b) Nangtukeun carpon-carpon tina kumpulan carpon *Panggung Wayang* anu rék dijadikeun sampel panalungtikan;
- c) Maca carpon nu dijadikeun sampel;
- d) Nyirian kalimah-kalimah nu rék dianalisis;
- e) Nyalin kalimah panyeluk nu geus dicirian kana kartu data; jeung
- f) Nyusun kartu data sacara alfabetis.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sabada data geus dikumpukeun ngaliwatan proses ngumpulkeun data, dilaksanakeun proses ngolah data. Téhnik nu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Téhnik unsur langsung

dilaksanakeun ku sabab sumber data dina ieu panalungtikan dina wangun tinulis, udaganana pikeun ngolah hal-hal anu patali jeung déskripsi kalimah panyeluk.

Prak-prakan dina ngolah data ieu panalungtikan nyaéta:

- a) Mariksa deui sakabéh kalimah pananya anu geus disusun sacara alfabétis;
- b) Nganalisis kalimah panyeluk dumasar kana wangun, adegan, ma'na pragmatis jeung tahapan pragmatisna;
- c) Nyieun papasingan kalimah panyeluk dumasar kana wangun, adegan, ma'na pragmatis, sarta tahapan pragmatisna
- d) Ngadéskripsikeun data pragmatis kalimah panyeluk nu geus dianalisis;
- e) Nafsirkeun adegan pragmatis kalimah panyeluk; jeung
- f) Nyieun kacindekan.